Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 35 (6871) 4 сентябрь 2023 с. Итни Сафар 1444 с. Багьа - эркенаб

ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

## Гъалип Гъалипов: «Районалъул киналго школал цIигьаризе хIаракат бахъизе буго»

### Лъайкьеялъул хIалтIухъабазул данделъи тIобитIана

**2023-абилеб соналъул 26-абилеб августалда Бакълъул районалъул администрациялъул дандеруссиназул кIалгIадухъ лъайкьеялъул хIалтIухъабазул августалъулаб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалипов, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазанов, Бакълъул мухъалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Мухтар АхIмадов, Россиялъул Бакълъул районалда бугеб ОМВДялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадов, муниципалитеталъул прокурорасул ишал тIуразарулев ХIажимурад Арадахов, лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев ва цогидал.**






Дандеруссиналда гIахьаллъараздехун саламалъулаб кIалъай гьабуна районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас. Баркиялдаса хадуб Гъалип Гъалиповас бицана муниципалитеталда гIумруялде рахьинарула ругел лъайкьеялда хурхарал проектазул.

«Капиталияб ремонталдаса хадуб чанго цIалул идараялъ нуцIби рагьизе руго лъималазе. 250 цIалдохъанасе бакI бугеб школа рагьизе буго ЦIияб Аргъваниб. Районалъул киналго школал цIи гьаризе хIаракат бахъизе буго», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.






Тадбиралда гьединго кIалъазе рахъана ДРялъул НСялъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Комитеталъул нухмалъулесул заместитель ГIабдулвахIид Лабазанов, районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев, гьесул заместитель ГIали ГIумархIажиев, бакълъулазул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаева, «Движение первых» РДДМялъул вакил Мадинат СагIидова, МелъелтIа росдал аслияб школалъул директор Зульфия ХIажимурадова, МелъелтIа росдал «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулей Салимат ХIамидова, районалъул депутатазул Собраниялъул депутат ТIалхIат МуртазагIалиев, «ДРялъул лъагIалил мугIалим» къецалъул гIахьалчIужу Сиядат ГIалиева, ЛъаратIа росдал гьоркьохъеб школалъул мугIалим СахIиб Шихмирзаева, «Росдал мугIалим» проекталъул гIахьалчIужу Марият ХIамзатова ва цогидал.



Августалъулаб данделъиялда мугIалимазе «Россиялъул лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан» ва «Дагъистаналъул лъайкьеялъул отличник» абурал шапакъаталги къуна.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Бакълъулазул тIалъи – ДРялъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул данделъиялда**

- 2 гьум.



**ГIахьвалазда юбилей баркана**

- 2 гьум.



**Ракьцоязда тIаде щвараб цIияб цIалул сон баркана СВОялъул рагъухъабаз**

- 2- гьум.



**«Бакълъул улкаялъул насихIатчагIи»**

- 3- гьум.

ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

# Бакълъулазул тIалъи – ДРялъул лъайкьеялъул хIалтIухъабазул данделъиялда

### РФялъул Госдумаялъул депутатгунги дандчIвана

**Бакълъул районалъул тIалъиялъул вакилзабаз гIахьаллъи гьабуна МахIачхъала шагьаралда тIобитIараб лъайкьеялъул хIалтIухъабазул августалъулаб данделъиялда. Тадбиралда гIахьаллъана Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовги.**



Республикаялъул нухмалъулес баркала загьир гьабуна цIиял гIелазе лъайгун тарбия кьолел мугIалимзабазе. Бакълъул районалъул делегациялда гьорлъ рукIана муниципалитеталъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиев ва гьеб идараялъул хIалтIухъаби.



Данделъиялдаса хадув Гъалипов дандчIвана Дагъистаналъул лъайкьеялъул министрасул тIоцеесей заместитель Аида ТIалхIатовагун.

Гьединго Гъалип Гъалипов дандчIвана ЦIияблак районалъул бетIер Мамати ХIамзатовгун. КIиябго районалъул цебетIезе кквербакъулел хIалтIаби нухдаинариялъул бицана.

Россиялъул Госдумаялъул депутат, Россиялъул бахIарчи МухIамад Нурбагандовасул эмен Нурбаганд Нурбагандовгунги дандчIвана Гъалип Гъалипов.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

# ГIахьвалазда юбилей баркана

**ГIахьвахъ районалъ 90 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIараб гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас. Бакълъулазул ва жиндирго рахьалдасан районалъ 90 сон тIубай баркана Гъалиповас ГIахьвахъ районалъул нухмалъулев МухIамад МуртазагIалиевасда ва сайгъат гьабуна телевизор.**



Дагъистаналъул нухмалъулев Сергей Меликовасул рахьалдасан ГIахьвахъ районалъул гIадамазда юбилей баркана ДРялъул вице-премьер Ризван ГъазимухIамадовас. Гьединго тадбиралда гIахьаллъи гьабуна ичIго районалъул нухмалъулез.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# «Лъай – къуват»

### «Россия 24» телекомпаниялъул журналистал ЦIияб Аргъванире щвана

**«Гумбет» медиагруппаялъ гIуцIараб «Лъай – къуват» абураб пресс-туралда рекъон «Россия 24» федералияб каналалъ ЦIияб Аргъвани росулъ бараб цIияб школалъул хIакъалъулъ сюжет бахъана. Гьеб цIалул идара бана Республикаялъулаб адресияб инвестиционнияб программаялда рекъон.**



Журналистаз рахъана классал, дандеруссиназул кIалгIа, хIаязул майдан, 50 чиясе бакI бугеб интернат, спорталъул кIалгIа, рукъариялъул, компьютеразул ва цогидал классал. Гьеб школалъе цIар кьун буго Афгъанистаналдаса тIадвуссинчIев, БагIараб ЦIваялъе мустахIикълъарав МухтарахIмад КъурамухIамадовасул цIар.



Федералияб «Россия 24» телекомпаниялъул хIалтIухъабаз гара-чIвари гьабуна бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповасулгун, «Росдал мугIалим» программаялъул гIахьалчагIигун.

«Гумбет» медиагрупаялъул бетIерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул гIуцIиялъул гIахьалчи ХIамзат ГIизудиновас баян гьабуна федералиял телеканалазулгун гьабураб цадахъаб хIалтIиялъ Бакълъул мухъалдехун лъикIаб бербалагьи цIикIкIиналъе кквербакъараблъи.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# «Школалде лъимал хIадур гьаре»

### «Инсан» фондалъ акция тIобитIана

**Бакълъулазул районалъул лъайкьеялъул управлениялъул дандеруссиназул кIалгIадухъ «Инсан» гурхIел-рахIмуялъул фондалъ гIуцIараб «Школалде лъимал хIадур гьаре» абураб акция тIобитIана. Тадбир гIуцIизе кумек гьабуна Бакълъул районалъул администрациялъ ва муниципалитеталъул руччабазул гIуцIиялъ.**

Спецоперациялъул гIахьалчагIазул, ресукъал хъизаназул лъималазе школалъе хIажатал тIагIелал, ва 3000 гъурущ гIарац кьуна. Унго-унгояб байрамалде сверана акция.

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъулесул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас, мугIрузулаб рахъалда бугеб «Инсан» фондалъул филиалазул нухмалъулев ГIабдурахIман ИсмагIиловас, бакълъулазул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаевалъ, гьелъул заместитель ГIазра



Исубилаевалъ, «Инсан» фондалъул хIалтIухъан Камил Якъубовас, фондалъул хIалтIухъан МухIамад ХIамзатовас, районалъул имам ГIабдурашид ХIажиевас, полициялъул майор Мухтар ГIабдурахIмановас ва цогидаз. Лъималазе лъикIаб асар гьабуна акциялъ. «Инсан» фондалъе ва тадбир тIобитIизе кумек гьабуразе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна умумуз.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

# ГIали ГIалиев баркалаялъул кагътие мустахIикълъана

**РакIбацIцIадаб гIемерсоназулаб захIматалъухъ ва махщалилаб байрам – ветеринариял хIалтIухъабасул къоялъул хIурматалда Бакълъул районалъул ветуправлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевасе баркалаялъул кагъат кьуна муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас.**

«ХIурматияв ГIали МухIадович! Бакълъул районалъул ветеринариялъул рахъ цебетIезе бахъараб хIаракаталъухъ ракI-ракIалъулаб баркала буго!. Баркула дуда ва дур хIалтIухъабазда ветеринарасул къо. Гьаруда щулияб сахлъигун халатаб гIумру, сундулъго цебетIей ва кинабго лъикIабщинаб», - ян хъван буго баркалаялъул кагътида.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

# «Бакълъул улкаялъул насихIатчагIи»

## ЧIиркъатIаса ГIайшат Шихмирзаева – «Росдал мугIалим»

**Бакълъул мухъалда жигарго нухдаинабулеб буго «Росдал мугIалим» программа. «Бакълъул улкаялъул насихIатчагIи» абураб проекталда рекъон бокьун буго бицине цебе рехсараб программаялъул гIахьалчIужу** ХIалтIулей йиго школалда хIисаб гIелмуялъул мугIалимлъун ва гьелдаго цадахъ ЧIиркъатIа росдал краеведениялъул музеялъул гIелмияй хIалтIухъанлъунги. КIиябго хIалтIи цоцада хурхараб буго.

Дун ккола «Росдал мугIалим» программаялъул гIахьалчIужу. Гьединаб программа нухдаинабулеб букIин цIалул заманалдаго рагIун букIана. Пачалихъалдасан нилъее щвараб кIудияб кумек буго гьеб.



**ЧIиркъатIаса ГIайшат Шихмирзаевалъул хIакъалъулъ. Москваялдаса гIагараб росулъе хIисаб гIелму кьезе ячIун йиго гьей.**

«3-абилеб классалдаса дун цIалана Москва шагьаралда, тIокIлъиялда лъугIизабуна 11 класс. Буго кIиго тIадегIанаб лъай. ТIокIлъиялда лъугIизабуна Пачалихъияб управлениялъул университет, гьединго педагогикияб лъайги щвана. КIиябго университет цадахъ лъугIизабуна.

ЦIали лъугIун хадуб гIагараб росулъе тIадюссана.

Дагъистаналъул Минобрнаукаялъ тIоцересел моцIазго махщел борхизабиялъул курсал гIуцIана нижее, гIолохъанал махщалилазде буго лъикIаб бербалагьи», - ян абуна ГIайшат Шихмирзаевалъ.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ТIИБ

# 76 чIужугIаданалъул сахлъиялъул халгьабуна

**Бакълъул районалъул Централияб больницаялда тIобитIана рагьарал нуцIбузул къо. Республикаялъул онкологиялъул централъул махщалилаз халгьабуна 76 чIужугIаданалъул.**




«Бакълъул районалъул руччабазул сахлъиялъул халгьабизе рачIун рукIана махщел тIокIал специалистал. Гьединал тадбираз квербакъула гIужда унти тIатинабизе. РакIалда буго нахъеккунги республикаялъул даражаялъул махщалилал районалде ахIизе», ян бицана ЦРБялъул бетIерай тохтур ПатIимат ГIабдурауповалъ.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАРКИ

# Ракьцоязда тIаде щвараб цIияб цIалул сон баркана СВОялъул рагъухъабаз

**Украиналда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи СагIид ДарбищмухIамадовас, ХIажимухIамад Шапиевасас, Шамил ИсмагIиловас ва Иляс АсхIабгIалиевас ракьцоязда баркана цIияб цIалул сон байбихьи.**

«РакI-ракIалъ баркула лъайкьеялъул хIалтIухъабазда, цIалдохъабазда умумузда, киналго районцоязда тIаде щвараб цIияб 2023 – 2024 цIалул сон. Школа ккола инсан куцалеб къебелъилъун, гIолеб гIелалъе лъайги, гIакълуги, тарбияги кьолеб рукълъун. Гьарула нужее щулияб сахлъи, талихI, гьабулеб ишалъулъ икъбал», - ян хъван буго баркиялъул кагътида.

**«Гумбет» РИО**

СТРАНА ГОР

# В Махачкале пройдет республиканская сельскохозяйственная ярмарка

**В столице РД 16 сентября пройдет Республиканская сельскохозяйственная ярмарка, организованная Минсельхозпродом Дагестана.**

Торговая площадка будет расположена на ул. Пушкина, от пересечения с ул. Ярагского до ул. Леваневского. Об этом сообщает РИА «Дагестан». По сообщению источника, на ярмарке будут присутствовать дагестанские сельхозтоваропроизводители, а также предприятия пищевой и перерабатывающей промышленности. Развернутая информация по ссылке: https://riadagestan.ru/news/selskoe_khozyaystvo/v_makhachkale_proydet_respublikanskaya_selskokhozyaystvennaya_



**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# Дагестанские строители восстанавливают михайловскую школу №3 после обстрела

**В рамках поездки в подшефный РД Михайловский район Запорожской области премьер-министр РД Абдулмуслим Абдулмуслимов ознакомился с ходом проведения восстановительных работ в школе №3 в поселке Михайловка.**

Об этом сообщает сетевое издание «Дагестанская правда». По информации источника, работу ведет подрядная организация ООО «Лидер-Строй» из Цунтинского района. В школе обучается свыше 600 детей. Это единственная работающая школа на весь поселок. Более подробная информация по ссылке: https://dagpravda.ru/novosti/dagestanskie-stroiteli-vosstanavlivajut-mihajlovskuju-shkolu-n-3-posle-obstrela/



**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# Гамзат Изудинов выступит в Москве на вечере, посвящённом 100-летию Расула Гамзатова

**Главный редактор еженедельника «Гумбет», член Союза писателей и Союза журналистов России, лауреат премии Александра Блока Гамзат Изудинов примет участие в Москве в вечере, посвящённом 100-летию Расула Гамзатова.**

Мероприятие организовано Ассоциацией союзов писателей и издателей России и пройдёт 21 сентября 2023 года в Центральном доме литераторов. Гамзат Изудинов расскажет о творчестве и жизненном пути народного поэта Дагестана Расула Гамзатова, с которым дружил. Об этом сообщает «Интерфакс-Россия».

Напомним, что очерк Гамзата Изудинова «Расул Гамзатов и село Средний Арадирих» вошёл в Антологию публицистики народов России, его повесть «На Харибском перевале» включена в несколько антологий и издана в переводе на арабский язык в Объединённых Арабских Эмиратах. Пьеса «Ослиное ухо» вышла в свет в Антологии драматургии России.




**РИО «Гумбет»**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# Терроризм – угроза обществу






















# Минтруд РД подготовил к школе более 3 тысяч первоклассников

**Минтруд региона в рамках акции «Собери ребенка в школу» подготовил ко Дню знаний свыше 3 тысяч первоклашек с городов и муниципалитетов РД.**

Об этом сообщает РИА «Дагестан» со ссылкой на пресс-службу ведомства. Как отмечается, представители Минтруда региона при поддержке меценатов провели ежегодную акцию «Собери ребенка в школу». В набор первоклассника входили портфели, канцелярские принадлежности и т. д.

**РИО «Гумбет»**




СТРАНА ГОР

# До участка газ – бесплатно

## Как стать участником программы догазификации?

**В Республике Дагестан ведутся мероприятия по реализации программы по догазификации. В рамках госпрограммы жителям газифицированных населенных пунктов можно бесплатно провести газ до границ участка.**




Участвовать в программе догазификации могут собственники домов, зарегистрированных по закону.

Подать заявку можно по своему выбору одним из способов:




– в офисе газораспределительной организации;
– в МФЦ;
– на портале Единого оператора газификации: https://connectgas.ru;
– на портале Госуслуг.

**Какие документы нужны для подачи заявки на догазификацию?**

1. Копия документа, подтверждающего право собственности или иное предусмотренное законом право на домовладение.
2. Копия документа, подтверждающего право собственности или иное предусмотренное законом право на земельный участок, на котором расположено домовладение.
3. Ситуационный план земельного участка.
4. Паспортные данные заявителя.
5. СНИЛС.
6. ИНН.
7. Контактные данные для обратной связи.

Подробнее можно прочесть на сайте ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» – «Догазификация: вопросы и ответы».

**РИО «Гумбет»**

# Что сделано для развития общего образования в РД за первое полугодие 2023 года?

**В регионе утверждены и реализуются планы основных и дополнительных мероприятий по проведению в РД Года педагога и наставника.**

Как отметили в Минобрнауки РД, проведены различные конкурсы и прочие мероприятия. Об этом сообщает сетевое издание «Мирмол». Как отмечается, организованы конкурсы «Лучший учитель родного языка и литературы», «Учитель года Республики Дагестан – 2023» и т.д.

**РИО «Гумбет»**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, Мелъелтla росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.